



AVI SOU RÈGLEMAN/POLITIK

Tit Règleman an: FY25 Apwouve Fèmti pou Pwogram ki Patisipe nan CCFA

Nimewo Règleman an: CCFA-25-01

Dat li an Komanse: 01 Jiyè, 2024

Dènye Mizajou : 5 Novanm, 2025

Yo te mete Avi Règleman sa a ajou nan mwa Novanm 2025 pou ka refilete yon chanjman ki te fèt nan Avi sou Règleman orijinal la.

Mizajou pou mwa Novanm 2025 lan :

- Edikatè Swen/Gadri Familyal yo genyen jiska **31 Mas, 2026** pou yo itilize jou ki rete nan Ane Fiskal 2025 yo.

APÈSI

Depatman Edikasyon Espesyal ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) te mete ajou, ogmante epi aliyen kantite Jou Fèmti ke yo Apwouve pou Gwoup ak pwogram pou timoun ki nan Laj pou Ale Lekòl yo (GSA), Sistèm Swen/Gadri Familyal la (FCC) ak patisipasyon Edikatè Swen/Gadri Familyal yo nan sistèm Asistans Finans Swen/Gadri pou Timoun yo nan Massachusetts. Chanjman sa rekonèt nesite travay pwofesyonèl yo sou teren an epi bay pwogram ki gen fleksibilite adisyonèl pou detèmine dat fèmti ki bon pou yo, ak ekip epi fanmi yo.

Avi sou règleman sa a bay klarifikasyon sou nouvo règleman fèmti ak gid yo atravè diferan kalite pwogram pou sipòte enplimantasyon.

APLIKABILITE

Gid la gen rapò ak pwogram GSA yo, Sistèm Swen/Gadri Familyal (FCC) ak patisipasyon Edikatè Swen yo nan CCFA.

MIZAJOU ENPÒTAN YO

- Tou 2 pwogram GSA ak Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) ak Sistèm yo ap genyen apeprè 27 jou Fèmty y ap Peye k ap Apwouve chak ane kounye a (ki defini etanke ane fiskal ECC a, ki kòmanse 1ye Jiyè epi fini 30 Jen).
- Jou sa yo enkli douz (12) jou konje nan eta yo, senk (5) jou devlopman pwofesyonèl ak dis (10) lòt Jou Fèmty ki Fleksib ke pwogram yo ka plase selon diskresyon ki baze sou bezwen anplwaye ak fanmi yo. Pwogram yo ka chwazi itilize kèk nan Jou Fleksib Fèmty yo ant Fèt Nwèl ak Premye Jou Ane a, oswa nenpòt lòt lè pandan ane a toudepandanman de sa ki fè sans pou swa pwogram endiviyèl yo ak fanmi epi ekip yo.
- Douz (12) jou Konje Fèmty ki Peye yo enkli sa yo:
 1. Premye Jou Ane a
 2. Jou Martin Luther King, Jr
 3. Jou Prezidans
 4. Jou Patriyòt
 5. Jou Memoryal
 6. Juneteenth (Endepandans Nasyonal USA)
 7. 4 Jiyè
 8. Jounen Travay
 9. Jou Kristòf Kolon/ Jou Pèp Endijèn yo
 10. Jou Veteran/Ansye Solda yo
 11. Thanksgiving (Jou Remèsiman)
 12. Jou Fèt Nwèl
- Anplis de dis (10) jou fèmty peyan yo, pwogram GSA ak Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) epi Sistèm FCC yo ka kontinye pa travay pou apeprè senk (5) jou devlopman pwofesyonèl peyan chak ane.
- Pwogram GSA, Sistèm Swen/Gadri Familyal (FCC) ak ajans Resous Swen Timoun ak Referans (CCRR) yo ap toujou mande pou soumèt dat jou fèmty ki apwouve yo bay EEC nan Fòm Orè Fèmty a (Sistèm FCC ak Sant ki Baze sou) pou asisre ke EEC genyen orè konplè chak òganizasyon pou ane fiskal la. Kòm dabitid, pwogram yo dwe travay nan tè kòle ak fanmi yo pou detèmine yon orè operasyonèl ki sipòte tou de (2) aksè pou fanmi ak opòtinite pou ekip ak edikatè yo pou ka plase randevou nan tan ki lib yo osinon patisipe nan opòtinite devlopman pwofesyonèl

yo. Li enpòtan pou toujou fè fanmi yo sonje apwopo de fèmti pwogram yo pou fanmi yo ka chèche lòt pwogram swen, si tout fwa sa nesesè.

- Kòmanse nan dat Ane Fiskal 2025 epi alavni, pa genyen yon pwosesis akimilasyon Fleksib pou Jou Fèmti, ke yo konnen sou non (PTO) ki vle di “Tan ou Touche Lè w An Konje” e kounya y ap bay jou sa yo 1ye Jiyè chak ane.

Detay ki Pibliye 2024 yo

- Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo ap genyen jiska 30 Jen, 2025 pou itilize jou ki rete yo (Jou Retro Fleksib FY24 yo ak Jou FY24 ki rete yo).
- Nenpòt nan tan akimilasyon yo pat itilize nan ane anvan yo (ane Fiskal anvan FY24 la) pap reflekte nan CCFA la akòz de chanjman akimilasyon an.
- Sistèm CCFA a te mete ajou ak fonksyonabilite Apwouve Fèmti nan dat 10 Oktòb, 2024 epi yo te mete l ajou aprè pou l ka refilete sou balans fleksibilite yo nan dat 19 Novanm, 2024.
- Randevou Sistèm Swen/Gadri Familyal (FCC) yo pa dwe plase Jou Devlopman Pwofesyonèl yo pou Edikatè yo nan jou Konje Eta yo.
- Apati 01 Oktòb, 2024, Jou Fèmti Ijans yo p ap kapab itilize ankò pou COVID paske li pa yon ijans sante piblik ankò.

RESOUS YO

Kesyon yo Souvan Poze yo ki bay klarifikasyon adisyonèl apwopo gid sa enkli nan pati anba a.

EKSPIRE

Avi Politik/Règleman sa a ranplase nenpot gid sou jou fèmti ki te apwouve anvan sa.

KESYON KI SOUVAN POZE SOU POLITIK FÈMTI APWOUVE POU PWOGRAM GWOUNP AK TIMOUN KI NAN LAJ LEKÒL (GSA), SISTÈM SWEN/GADRI FAMILYAL (FCC) AK EDIKATÈ SWEN/GADRI FAMILYAL (FCC) YO

POU PWOGRAM GSA YO, SISTÈM SWEN/GADRI FAMILYAL (FCC) YO, AK EDIKATÈ YO:

1. Ki kalite jou Fèmti yo Apwouve yo?

Silvoulè gade tablo anba a.

Kalite Jou Fèmti Apwouve yo	Kantite Jou
Jou Konje Eta yo	12
Jou Fleksib Fèmti yo	10
Jou Devlopman Pwofesyonèl yo	5

Tanpri, sonje ke pwogram yo ka retire jou konje relijyon yo pou nenpot nan yo jou konje ki idantifye yo e yo ka chanje yo ak de (2) lòt jou konje ki idantifye pou lòt jou (yo) selon chwa founisè a. Sa vle di ke yon pwogram ka fonksyone nan yon jou konje epi deside fèmen pòt yo nan pwochen jou a selon chwa yo.

2. Èske PTO JOU YO PEYE LÈ W AN KONJE PÈSONÈL toujou egziste?

Apati kounya,(PTO) ap referansye etanke Jou Fèmti Fleksib yo. Enfòmasyon Adisyonèl konsènan Jou Fèmti Fleksib yo twouve yo nan pati anba a. Tèm jou PEYE POU TAN LIB la (PTO) chanje pa Jou Fèmti Fleksib nan sistèm Asistans Finans Swen/Gadri Timoun (CCFA) epi nan tout fakti ak pwosedi pèyman yo.

3. Èske pwogram GSA y oak Sistèm Swen/Gadri Familyal (FCC) yo fasilite Fleksibilite Jou Fèmti yo nan pwochen ane fiskal la?

Non, pwogram GSA ak Sistèm Swen/Gadri Familyal yo (FCC) pap kapab fasilite Fleksibilite Jou Fèmti yo nan pwochen ane fiskal la. Jou Fèmti Fleksib yo dwe itilize anvan 30 Jen.

4. Èske pwogram GSA ak Sistèm Swen/Gadri Familyal (FCC) yo toujou genyen senk (5) Jou Devlopman Pwofesyonèl (PD)?

Wi, pwogram GSA ak Sistèm Swen/Gadri Familyal yo (FCC) toujou genyen jiska senk (5) jou Devlopman Pwofesyonèl chak ane. Pwogram GSA ak Sistèm Swen/Gadri Familyal

(FCC) a ka decide pou itilize senk (5) oswa kèk jou pwofesyonèl. EEC konsidere devlopman pwofesyonèl kòm yon obligasyon ak sipò nesesite pou tout pwofesè yo.

5. Èske yon pwogram san enskripsyon aktif CCFA ka ranbouse Jou Fèmti Apwouve yo?

Non, pwogram yo ap sèlman ranbouse lè genyen yon anplasman swen timoun ki aktif nan CCFA.

6. Kòman patisipan yo dwe antre pou timoun ke pwogram yo deja itilize fèmti pou ane fiskal 2025 lan?

Sistèm CCFA a te ajou pou pèmèt dis (10) Jou Fèmti Fleksib nan orè pwogram GSA yo.

POU PWOGAM GSA YO SÈLMAN:

1. Pou ki rezon pwogram GSA yo ka itilize Jou Fèmti Fleksib yo?

Jou Fèmti Fleksib yo ka plase nan diskresyon yon pwogram toudepan de nesesite ekip ak fanmi yo. Pwogram yo ka chwazi itilize kèk nan jou fèmti adisyonèl ant Fèt Nwèl ak Kòmansman nouvo ane a, oswa nan nenpot lòt lè pandan ane a selon sa ki fè sans pou nenpot pwogram endividyèl ak ekip epi fanmi yo.

2. Kòman EEC ranbouse pwogram GSA pou jou Fèmti ki Apwouve ak jou Devlopman Pwofesyonèl yo?

Silvouplè gade tablo ki anba a.

Kalite Fèmti	Ranbousman EEC
Jou konje Eta yo	Konplè Chak Jou, enkli Frè Paran an
Jou Fèmti Fleksib yo	Konplè Chak Jou, enkli Frè Paran an
Jou Devlopman Pwofesyonèl yo	Konplè Chak Jou, enkli Frè Paran an

3. Èske pwogram GSA yo ki nan menm adrès yo ka itilize jou fèmti ki diferan (e.g. ekip pwogram Timoun ki nan Laj Lekòl genyen yon Jou Pwofesyonèl, e Pwogram Preskolè a ap toujou fonksyone)? Kòman sa ap fè posib nan CCFA a?

Wi, pwogram GSA ki nan menm adrès yo ka itilize jou Fèmti Devlopman Pwofesyonèl ki diferan selon bezwen ekip ak fanmi yo. Lè y ap antre nan Jou Devlopman Pwofesyonèl

CCFA a, genyen yon espas opsyonèl ke yo ajoute ki gen lis tout kalite pwogram ki disponib yo pou adrès la. Si yo chwazi youn nan pwogram yo pa egzanp, Preskolè, sa vin rann Jou Devlopman Pwofesyonèl ke yo te ajoute a ap limite nan pwogram preskolè a e yo pap konte li pami lòt kalite pwogram ki gen nan adrès sa a. Fason pwogram lan chwazi a opsyonèl ki fè ou ka antre yon jou pwofesyonèl ladan l san w pa seleksyone yon kalite pwogram espesifik ke jou fèmti a aplike nan tout kalite pwogram yo. Sistèm ansèyman CCFA a te ajou pou te ka jere fonksyon sa.

4. Èske pwogram GSA yo oblije soumèt Orè Fèmti Soumisyon Anyèl yo bay EEC nan kòmansman Ane Fiskal la?

Wi, tout pwogram ki sèvi timoun ki resevwa CCFA dwe soumèt yon fèmti orè chak ane. Pwogram kontra GSA yo soumèt Fòm Orè Anyèl Fèmti yo chak ane. Pwogram kontra GSA yo soumèt Orè Fèmti Anyèl yo bay EEC epi Sèlman Founisè ki bay kupon (voucher) yo oblije soumèt li bay CCRR yo. Rapò yo dwe enkli ladan yo Jou Konje Fèmti, Jou Devlopman Pwofesyonèl, ak Jou Fleksib Fèmti yo.

POU SWEN/GADRI FAMILYAL (FCC) PWOFESE YO SÈLMAN:

1. Èske pwofesè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo oblije itilize menm Jou Fèmti Fleksib yo menm jan ak Sistèm Biwo Administratif la?

Non, edikatè FCC yo opere anba yon sistèm ki pa oblije itilize menm Jou Fèmti Fleksibilite ak Sistèm Biwo Administratif Swen/Gadri Familyal la (FCC) epi yo dwe jwenn fleksibilite pou chwazi jou k ap bon pou pwogram yo. Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo ka retire jou konje relijye yo ladan l pou nenpòt nan sa yo idantifye yo epi yo ka chanje l ak de (2) lot jou konje ki deja idantifye selon chwa founisè a.

2. Poukisa Pwofesè FCC yo ka itilize Jou Flesib Fèmti yo?

Jou Fèmeti Fleksib yo ka itilize pa Pwofesè FCC yo pou malady, vakans, tan pèsònèl oswa nan moman dèy.

3. Èske pwofesè FCC yo ka toujou itilize Jou Fèmti Ijans yo pou Fèmti COVID olye de Jou Fèmti Fleksib yo?

Non, apati 01 Oktòb, 2024, Jou Fèmti Ijans yo p ap kapab itilize pou Fèmti ki gen rapò ak COVID. Commonwealth la pa nan yon ijans sante piblik ankò. Jou Fèmti Fleksib yo dwe itilize pou Fèmti ki gen rapò ak COVID.

4. Kilè Edikatè FCC yo pa kapab itilize Jou Fèmti Fleksib yo?

Edikatè FCC yo pa kapab itilize Jou Fèmti Fleksib yo si pwogram nan pa lisanse pa EEC ankò, pa aktif, epi pa genyen yon kupon oswa yon akò kontra ankò, oubyen pa genyen okenn timoun k ap resevwa CCFA nan fwaye dakèy yo.

5. Konbyen Jou Fèmti Fleksib Edikatè FCC yo genyen pandan Ane Fiskal 2026 sa (01 Jiyè,2025- 30 Jen, 2026)?

Ane Fiskal (FY)	Ane Fiskal 25	Ane Fiskal 26	Ane Fiskal 27
Ansye Jou Rapò Ane Fiskal yo	Jiska 5 jou	Jiska 3 jou	Jiska 3 jou
Jou Retro Fleksib FY24 yo	5 jou	N/A	N/A
Jou Fèmti Fleksib yo	10 jou	10 jou	10 jou
Max Jou pou Ane Fiskal	20 jou	13 jou	13 jou

6. Konbyen Jou Fèmti Fleksib ke yon Edikatè/Pwofesè FCC ka pran nan ane fiskal ki te pase a pou mennen nan ane aktyèl la?

Edikatè Swen/Gadri Familyal yo ka pran jiska 3 Jou Fèmti Fleksib nan ane ki te pase a chak ane, komansman nan ane fiskal 2026 la (ki te kòmanse 01 Jiyè, 2025). Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo ap genyen jiska 31 Mas chak ane fiskal pou itilize tan yo te genyen ki te rete yo. Nenpòt tan ki te rete nan ane pase ki pat itilize anvan 31 Mas ap ekspire.

7. Kilè Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo komansman itilize Jou Fleksib Retwo yo?

Edikatè/Pwofesè Swen/Gadri Familyal (FCC) ki te rantre nan akò kupon yo oswa kit e genyen kontra ak sistèm FCC anvan dat Premye Jiyè,2024, ap kòmanse ak senk (5) jou retwoaktif ki valab apati de 1ye Dawout,2024.

8. Ki dat limit ki genyen pou Jou Fleksib Fèmti ki te rete yo nan Ane Fiskal 25 lan?

9. Edikatè/Pwofesè Swen/Gadri Familyal yo (FCC) ap genyen jiska 31 Mas,2026 pou itilize jou ki te rete yo

10. Kijan Jou Fèmti Fleksib yo akimile pou Edikatè/Pwofesè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo?

Apati Ane Fiskal 25 pou rès ane k ap vini yo, pap genyen okenn pwosesis akimilasyon ankò. Edikatè/Pwofesè Swen/Gadri Familyal yo ap resevwa dis (10) Jou Fèmti Fleksib nan dat 1ye Jiyè chak ane. Nenpòt rès jou ki ta akimile nan ane presedan an (Ane Fiskal

anvan FY24 la) pa reflekte ankò nan CCFA akòz de chanjman akimilasyon k ap gen pou genyen an.

Nouvo Edikatè/Pwofesè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo k ap aksepte asistans finansman pou pran swen timoun yo ap imedyatman sou yon peryòd datant de 90 jou anvan menm yo kapab itilize jou Fèmti Fleksib yo. Pa egzanp, yon Edikatè/Pwofesè Swen/Gadri Familyal (FCC) ki te komanse sèvi timoun nan mwa Janvye pa kapab itilize tan Jou Fèmti Fleksib jiskaske 90 jou aprè 1ye janvye.

POU SISTÈM SWEN/GADRI FAMILYAL (FCC) YO SÈLMAN:

1. Kilè yo dwe ofri swen/gadri ranplasman epi ki ranbousman ki genyen pou Edikatè orijinal FCC yo ak Edikatè Swen/Gadri ranplasan yo?

Tanpri, gade tablo anba a.

Kalite de Fèmti	Gadri/Swen Ranplasman yo ofri	Ranbousman
Jou Konje Eta yo	Non	Konplè Chak Jou, enkli Frè Paran an
Jou Fleksib Fèmti yo	Wi	FCC Orijinal: Konplè Chak Jou, enkli Frè Paran an
		Diminye FCC : Jou Konplè, mwens Frè Paran an
Jou Devlopman Pwofesyonèl yo	Non	Konplè Chak Jou, enkli Frè Paran an

2. Kiyès ki dwe soumèt Orè Sibmisyon Anyèl Fèmti yo bay EEC nan komansman Ane Fiskal la?

EEC mande sistèm FCC a pou l soumèt yon Soumsyon Anyèl Fèmti bay EEC ak Edikatè Endepandan FCC yo dwe soumèt li bay CCRR yo a pou ka rapòte Fèmti Jou Konje yo, Jou Pwofesyonèl Devlopman yo, ak Jou Fleksib Fèmti.

3. Èske sistèm yo ka genyen Jou Devlopman Pwofesyonèl pou Edikatè Swen/Gadri Familyal yo (FCC) nan Jou Konje Eta yo?

Non, sistèm FCC yo pa dwe plase randevou nan Jou Devlopman Pwofesyonèl yo pou Edikasyon/Pwofesè nan Jou Konje eta yo.

4. Kilè Sistèm FCC a mande pou antre chak orè Edikasyon Swen/Gadri Famityal nan CCFA?

Sistèm FCC yo mande pou rantrè chak 12 Jou Konje Fèmty Edikasyon yo (ki enkli chanjman jou konje yo si sa nesèsè) nan CCFA apati 30 Septanm, 2024.

5. Kòman Sistèm FCC a antre chak jou konje Edikasyon yo nan CCFA?

CCFA pèmèt òganizasyon administratif la dekonèkte administrasyon òganizasyon an nan orè edikasyon a. Silvouplè gade sistèm gid CCFA a nan <https://www.mass.gov/lists/ccfa-training-resources> pou plis eksplikasyon de fonksyonman sa a.

6. Kilè epi kòman Sistèm FCC Swen/Gadri Famityal yo dwe notifiye yon fèmty Edikasyon FCC?

Sistèm FCC yo dwe mache tèt kole ak Edikasyon FCC yo a pou konprann epi kowòdone orè yo atravè ane a. edikasyon FCC yo dwe rapòte orè jou konje yo bay sistèm FCC a nan komansman ane fiskal la, ki gen ladan l nenpòt plan pou retire jou konje eta yo apwouve pou relijyon oswa de (2) lòt (non relijye) jou ki pa relijye selon chwa edikasyon a, epi planifye Jou Fèmty Fleksib yo.

Sistèm yo dwe travay ak Edikasyon FCC yo sou kowòdinasyon Jou Fèmty Fleksib yo.

Edikasyon FCC yo responsab pou fè Sistèm Swen/Gadri Famityal pou Timoun yo a(Sistèm FCC) oswa Resous Swen/Gadri Timoun ak Ajans Referans lan (CCRR) nan yon nòt ekri nan evènman yon swete itilize Jou Fèmty Fleksib yo. Sistèm Swen/Gadri Famityal (FCC) oswa CCRR la dwe reponn nan yon lèt ekri pou konfime ke yo te resevwa notifikasyon an. Notifikasyon pa imèl konsidere etanke sifizan nan komunikasyon alekri a.

Edikasyon FCC yo dwe fè Sistèm Swen/Gadri Famityal (FCC) yo konnen itilizasyon Jou Fèmty Fleksib yo nan omwen sèt (7) jou davans.

Nan ka yon Jou Fèmty Fleksib ki pa t Planifye oswa sanzatan, Edikasyon Swen/Gadri Famityal yo dwe kominike fèmty a ak paran yo epi sistèm FCC pi vit ke posib.

Edikasyon FCC yo ki swete anile yon randevou Jou Fèmty Fleksib yo te plase dwe enfòmè Sistèm FCC oswa CCRR la ke yo pap itilize tan randevou yo te plase a oswa anvan komansman jounen travay la.

7. Ki responsabilite Sistèm Swen/Gadri Famityal (FCC) a lè yon pwogram Edikasyon FCC ouvè epi Biwo Sèvis Administratif la fèmen pou yon Jou Fèmty Fleksib?

Sistèm FCC yo dwe bay tout Edikatè FCC yo nòt ijans ekri kòm pwotokòl, ki genyen ladan l kontak enfòmasyon pou yon ekip apèl ke yo deziyen pou lè biwo administratif la fèmen. Yo dwe bay Kontak enfòmasyon sa bay tout Edikatè FCC yo anvan dat yo swete fèmen an. Epi tou, sistèm lan dwe enfòm Edikatè FCC yo de nenpòt Edikatè FCC yo sou nenpòt sèvis ke Sistèm lan ofri k ap disponib nan jou y ap fèmen yo, tankou transpòtasyon oswa swen ranplasman. Nenpòt lè sa posib, e si disponib, yo dwe ofri swen ranplasman bay fanmi nan Jou Fèmti Fleksib yo.

Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) yo dwe kontinye ak kominikasyon nòmal ak ekip lisansman EEC ki nan ka ijans lan.

8. Kèk Sistèm FCC ki itilize Jou Fèmti Fleksib yo oswa jou yo pa fonksyone kote yo pa peye pou fèmen nan jou ki apre jounen Remesiman oswa Fèt Nwèl. Èske jou sa yo toujou disponib pou Edikatè FCC yo?

Edikatè FCC, ak tout pwogram yo, ka chwazi pou itilize dis (10) Jou Fèmti Fleksib yo selon chwa yo, ak voye notifikasyon apwopriye bay fanmi yo, sa ki enkli pou jou aprè jou fet remèsiman oswa Fèt Nwèl.

9. Èske yon Edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC) ka pran yon Jou Fleksibilite Pasyèl?
Jou Fèmti Fleksib yo gen entansyon pou yo itilize pou jou ke yon pwogram pa fonksyone pandan tout yon jounen epi li pa ni kapab divize ak ni fonksyone pandan plizyè jou.